

## KONSANTMAN JENERAL PASYAN

**Non Pasyan an:** \_\_\_\_\_

**Dat Nesans:** \_\_\_\_\_

Mèsi poutèt ou chwazi (Non klinik isit la/Enter Center Name) kòm òganizasyon founisè pou bezwen swen sante ou yo. Annakò avèk lwa aplikab onivo Eta ak federal, nou oblije jwenn pèmasyon ou oswa otorizasyon ou pou fè sèvis pou ak nan non ou. Li enpòtan pou ou konprann enfòmasyon yo ki anba a. Si ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan enfòmasyon ki bay yo, nou t ap kontan pou nou ede ou. Tanpri mete inisyal ou nan chak blòk pou rekonèt ke ou konprann epi ou aksepte chak deklarasyon. Sizoka ou ta vle refize yon dispozisyon espesyalman, tanpri ekri ak lèt detache mo “Declined (refize)” akote inisyal ou pou nou ka reponn ak enkyetid anrapò ak sa, oswa, lè sa posib, pou ou ranpli nenpòt fòm ki nesèsè fè refi ou an ofisyèl.

### **KONSANTMAN POU TRETMAN MEDIKAL.**

Mwen, ki siyen anba a, ak dokiman sa mwen bay konsantman pou swen medikal ak tretman ke yo bay nan òganizasyon founisè sa a, jan pwofesyonèl swen sante mwen an preskri a. Sa gen ladan konsantman m pou tout sèvis medikal yo bay dapre machaswiv jeneral oswa machaswiv byen presi pwofesyonèl swen sante mwen an, ki gen ladan tretman nan men yon enfimye/enfimyè pratisyen oswa asistan doktè, ak lòt pwofesyonèl swen sante oswa reprezantan yo anba direksyon yon doktè jan yo jije li rezonab ak nesèsè.

Mwen konnen pratik lamedsin se pa yon syans ki egzak, epi mwen rekonèt pa gen okenn garanti yo te ban m konsènan rezilta tretman oswa egzamen ke m te resevwa oswa ke m pral resevwa. Mwen konprann mwen gen dwa pou diskite sou plan tretman mwen an avèk doktè mwen epitou diskite sou bi, ak risk ak avantaj ki ka genyen nan nenpòt tès oswa pwosedi doktè mwen te preskri.

Mwen konprann etidyan nan domèn medikal ki anba sipèvizyon apwopriye ka obsève oswa ede bay swen medikal mwen yo epi mwen gen dwa pou refize sèvis etidyan sa yo nenpòt lè.

**Inisyal:** \_\_\_\_\_

### **TASYON BENEFIS**

Mwen mande pou peman benefis medikal otorize yo fèt sou non mwen dirèkteman nan òganizasyon founisè sa a pou swen medikal ak tretman yo ban mwen. Mwen otorize òganizasyon founisè sa a pou divilge nenpòt enfòmasyon medikal bay konpayi asirans sante mwen an oswa lòt moun ki peye yon twazyèm pati ki nesèsè pou kolekte peman, trete reklamasyon asirans sante ki gen rapò, oswa verifye benefis plan an an akò ak règ Lwa sou Transparans ak Responsablite Asirans Sante. (HIPAA) ak lwa sou vi prive eta aplikab yo. Mwen otorize peman pou sèvis ki otreman yo ta peye m dapre kondisyon plan prive, gwoup, plan anplwayè mwen, oswa plan asirans sante gwoup mwen dirèkteman bay òganizasyon founisè sa a. Mwen otorize fotokopi fòm sa a ki valab menm jan ak orijinal la. Si li pa posib pou bay òganizasyon founisè sa a benefis medikal oswa si mwen resevwa peman nan men founisè asirans mwen an oswa nenpòt lòt moun ki peye yon twazyèm pati pou sèvis òganizasyon founisè sa a fè nan non mwen, mwen pral voye peman sa yo bay òganizasyon founisè sa a imedyatman. apre yo fin resevwa yo.

**Inisyal:** \_\_\_\_\_

**KONSANTMAN JENERAL PASYAN****Non Pasyan an:** \_\_\_\_\_**Dat Nesans:** \_\_\_\_\_**PEMAN POU SÈVIS YO.**

Mwen aksepte peye pou sèvis ki pa kouvri yo oswa peye frè ki pa peye okonplè yo, sa gen ladan san limitasyon, nenpòt kopeman, ko-asirans ak/oswa dediktib, oswa frè founisè asirans mwen oswa lòt pati peyè pa kouvri. Mwen aksepte responsab tout frè rezonab avoka ak frè pou koleksyon akòz mankman mwen pou peye nenpòt frè oswa montan mwen responsab finansyèman pou yo.

Mwen aksepte ke, pou òganizasyon founisè sa a ak ajan koleksyon li yo kapab jere kont mwen an oswa kolekte nenpòt montan mwen gendwa dwe, òganizasyon founisè a ak ajan koleksyon li yo ka kontakte m nan telefòn nan nenpòt nimewo telefòn, sa gen ladan nimewo telefòn selilè mwen, ke mwen te bay òganizasyon founisè a ak/oswa nan nenpòt nimewo telefòn ajan koleksyon li an te jwenn oswa, nan nenpòt nimewo telefòn ki transmèt oswa ki transfere apati tout nimewo telefòn sa yo, konsènan sèvis yo bay yo, oswa obligasyon finansye asosye ak sèvis yo. Metòd kontak yo ka gen ladan itilizasyon mesaj vwa anrejistre-davans/atifisyèl ak/oswa sèvi ak yon aparèy ki konpoze nimewo otomatikman, si sa aplikab. Si sa aplikab, frè pou done ak tarif konpayi telefòn selilè mwen an ka aplike.

**Inisyal:** \_\_\_\_\_**AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE.**

Mwen konprann yo ka itilize ak kominike enfòmasyon medikal pwoteje mwen san otorizasyon mwen pou pèmèt tretman, peman ak operasyon swen sante, jan sa dekri nan Avi sou Pratik Konfidansyalite yo. Mwen rekonèt e mwen aksepte mwen te resevwa yon kopi Avi sou Pratik Konfidansyalite yo. Mwen konprann yo ka modifiye Avi sou Pratik Konfidansyalite yo detanzantan epi yo pral ban m yon kopi Avi sou Pratik Konfidansyalite modifiye a sou demann.

**Inisyal:** \_\_\_\_\_**ENFÒMASYON SANSIB.**

Sòf si mwen te mande restriksyon alekri, Mwen konprann ke tip enfòmasyon òganizasyon founisè sa a ka kominike bay lòt pati yo ka gen ladan sèten dosye medikal sansib, sa gen ladan, men se pa yo sèlman, dosye konsènan tretman sikolojik, Sendwòm Iminodefisyans Aki (SIDA), Enfeksyon Viris Iminodefisyans Imen (VIH), andikap nan devlopman, alkolis, oswa depandans dwòg pandan nenpòt peryòd swen ak tretman. Gen yon fòm disponib nan anplasman sa a pou mande restriksyon sou tip enfòmasyon sa yo.

**Inisyal:** \_\_\_\_\_**KONSANTMAN POU JWENN ISTWA PRESKRIPSYON EKSTÈN.**

Mwen konprann li ka nesesè pou òganizasyon founisè sa a ak pwofesyonèl swen sante li yo jwenn enfòmasyon konsènan medikaman yo preskri m ke m ap pran kounye a oswa ke mwen te pran lontan pou rezon swen ak tretman medikal. AK dokiman sa, mwen otorize òganizasyon founisè sa a ak pwofesyonèl swen sante yo jwenn ak egzamine istwa preskripsyon ekstèn mwen nan men founisè swen medikal mwen gen aktyèlman ak nan men ansyen yo, nan famasi yo, ak nan ajans siveyans medikaman yo. Mwen konprann yo pa pral refize m swen medikal oswa tretman si m refize otorize òganizasyon founisè sa a ak pwofesyonèl swen sante li yo pou yo jwenn aksè nan istwa preskripsyon ekstèn mwen, sòf kote lwa aplikab yo egzije aksè oswa demann enfòmasyon istwa medikaman preskripsyon yo.

**Inisyal:** \_\_\_\_\_

## KONSANTMAN JENERAL PASYAN

Non Pasyan an: \_\_\_\_\_

Dat Nesans: \_\_\_\_\_

### TELEMEDSIN AK TELESANTE.

Mwen konprann ke telemedsin oswa telesante gen ladann itilizasyon ekipman ak aparèy videyokonferans entèaktif an sekirite ki pèmèt yon doktè otorize nan Eta kote klinik mwen an ye, oswa yon pwofesyonèl swen sante k ap aji anba delegasyon ak sipèvizyon yon doktè otorize nan Eta kote klinik mwen an sitiye a, founi sèvis swen sante bay pasyan yo lè yo twouve yo nan kote diferan. Sèvis swen sante sa yo ka gen ladan, san limitasyon, evalyasyon, dyagnostik, konsiltasyon, tretman, ak siveyans yon pasyan nan yon kote apa, ak transfè done medikal, chak bagay sa yo dapre otorizasyon lwa ki aplikab la. Tout transmisyon elektwonik done pral konsène sèlman benefisyè yo otorize an konfòmite avèk HIPAA ak lwa Eta aplikab yo pou zafè konfidansyalite.

Mwen konprann gen risk ak avantaj nan itilizasyon sèvis telemedsin oswa telesante. Kèk nan avantaj yo gen ladan aksè pi fasil nan swen medikal ak evite nesèsite pou deplase al kote pwofesyonèl swen sante. Kèk nan risk ki asosye avèk itilizasyon sèvis telemedsin oswa telesante gen ladan, san limitasyon, pèt dosye akòz pàn ekipman elektwonik, pàn kouran ak pèt kominikasyon, ak envazyon etranje (pirat enfòmasyon) nan dosye elektwonik yo. Anplis, yo gendwa pa ka detekte ak telemedsin siy ak sentòm ki ka detekte pandan yon egzamen fizik an pèsòn. Mwen konprann mwen gen opsyon pou wè pwofesyonèl swen sante a fas a fas olye pou mwen patisipe nan telemedsin oswa telesante. Mwen rekonèt risk ak avantaj ki gen nan itilizasyon telemedsin ak telesante epi, ak dokiman sa, mwen konsanti pou itilize telemedsin ak/oswa telesante pou fè tretman ak sèvis medikal. Mwen konprann mwen gen dwa pou mwen refize patisipe nan yon vizit telemedsin oswa sèvis telesante, epi refi mwen an ap dokimante nan dosye medikal mwen yo. Mwen konprann tou refi mwen an pa pral afekte dwa mwen alavni pou òganizasyon founisè a ban mwen swen medikal oswa tretman.

Inisyal: \_\_\_\_\_

### KONSANTMAN POU KOUTFIL (SA GEN LADAN APÈL NAN TELEFÒN MOBIL), IMÈL, MESAJ TÈKS.

Mwen konprann lè mwen bay yon nimewo telefòn oswa yon adrès imèl, mwen bay òganizasyon founisè sa a ak ajan li yo pèmisyon pou yo kontakte m (sa gen ladan apèl ki konpoze otomatikman, mesaj anrejistre davans ak mesaj tèks) konsènan rapèl randevou yo ak rapèl pou sante jeneral. Mwen konprann konsantman sa a pou resevwa imèl ak/oswa mesaj tèks ap aplike pou tout rapèl randevou/kòmantè/enfòmasyon sou sante alavni sòf si mwen mande yon chanjman alekri. Epi tou mwen rekonèt mwayen kominikasyon sa yo pa konsidere kòm mwayen an sekirite pou transmisyon enfòmasyon prive. Si sa aplikab, frè pou done ak tarif konpayi telefòn selilè mwen an ka aplike.

Mwen konprann tou ke mwen ka resevwa apèl, imèl ak mesaj tèks konsènan sèvis, zafè bòdwo oswa aktivite (“Lòt Kominikasyon”) òganizasyon founisè sa a ak afilye li yo, ajan, ak kontraktè endepandan li yo ofri oswa ke yo ofri nan non yo. Ak dokiman sa, mwen dakò ak otorize pou òganizasyon founisè sa a ak afilye, ajan, ak kontraktè endepandan li yo kontakte m pa mwayen apèl nan telefòn, imèl ak mesaj tèks pou rezon maketing. Si sa aplikab, frè pou done ak tarif konpayi telefòn selilè mwen an ka aplike. Anplis, mwen konprann mwen ka nenpòt lè, chwazi pou mwen sispann resevwa Lòt Kominikasyon yo; pou fè sa, m ap swiv esplikasyon ki akonpaye Lòt Kominikasyon yo oswa m ap enfòme òganizasyon founisè a alekri pou revoke antyèman otorizasyon pou voye Lòt Kominikasyon ban mwen. Epi tou mwen rekonèt mwayen kominikasyon sa yo pa konsidere kòm mwayen an sekirite pou transmisyon enfòmasyon prive.

Inisyal: \_\_\_\_\_

**KONSANTMAN JENERAL PASYAN****Non Pasyan an:** \_\_\_\_\_**Dat Nesans:** \_\_\_\_\_**KONSANTMAN POU ÒGANIZASYON KOMINOTÈ FÈ KOWÒDINASYON SWEN.**

Mwen dakò pou pèmèt òganizasyon founisè sa a kowòdone swen mwen yo avèk òganizasyon kominotè (Community Based Organizations, "CBO yo") ki bay sèvis sosyal nan tout kominote a ki ka ede reponn ak bezwen swen sante mwen yo. Mwen reyalize gen ka kote mwen ka bezwen sèvis sosyal sa yo nan kad tretman ak swen mwen. Mwen gen dwa pou refize kowòdinasyon sèvis sosyal yo nenpòt lè.

**Inisyal:** \_\_\_\_\_**DIREKTIV DAVANS.**

Mwen konprann ke mwen gen dwa pou prepare direktiv davans (zouti pou pran desizyon medikal ki ka ede m kominike volonte m konsènan swen ak tretman medikal mwen si m pa kapab kominike avèk pwofesyonèl swen sante mwen oswa manm fanmi mwen.) Mwen konprann mwen ka bay òganizasyon founisè sa a yon kopi direktiv davans ki ranpli ak siyen kòm sadwa.

**Inisyal:** \_\_\_\_\_

**Lè ou siyen anba a, ou endike ou dakò bay konsantman yo ak otorizasyon yo ki dekri anwo a epi chak konsantman ak otorizasyon ap rete anvigè konplètman jiskaske li revoke alekri.**

\_\_\_\_\_  
Siyati pasyan an oswa Responsab Legal la\_\_\_\_\_  
Dat\_\_\_\_\_  
Non Pasyan an oswa Responsab Legal la ak lèt detache\_\_\_\_\_  
Relasyon ak Pasyan an si se yon Gadyen Legal ki siyen

